



IFISHI YO KWIGISHA UMURIMYI W'IGITERWA C'IBIRAYA M'UBURUNDI



❑ Intangamarara

Mu Burundi, igiterwa c'ikiraya kirimwa canecane muntara kama y'umugamba (1800-2400 m). Ariko kirashobora kurimwa no muzinda ntara kama. Ubushakashatsi buheruka kwerekana ko gishobora kuba no mubiyaya vy'imbo (800-1000m).

❑ Ikirangaminsi

isizeni A: kuva hagati muri Nyakanga gushika hagati muri Gitugutu bivanye naho imvura itanguriye kurwa. Umurimyari arashobora kurima muri Munyonyo gushika muri Nzero bivanye naho ashaka kwimburira. **Isizeni B:** kuva hagati ya Ruhuhuma gushika hagati ya Ntwarante. **Isizeni C:** Kuva muri Rusama Gushika Ruheshi

❑ Gucagura imbuto:

Imbuto nziza iba itagwaye kandi igereranye mu bunini (mm 35- 65). Munsu ya mm 35 (billes) canke hejuru ya mm 65 (vyo gufungura) ntibifatwa nk'imbuto. Umbuto nziza itegerezwa kuba ifise imigera 3 canke 4, ivyibushe. Imbuto yotwarwa mubivumu canke ibikutso kugira imigera ntivunagurike.

❑ Ubwoko bw'ibiraya birimwa mu Burundi niburanga

Ubwoko	uko bisa imyuma	ukobisa imbere	Umunini	Ingene kibumye	Amaso	Ikiringo bimara mumurima	Ikiringo bimara mukumera (indwi)	Umwimbu (t/ha)	Kurinda indwara ya Ruyoka	Kurinda indwara ya Rushibuka	Amezi kimara mububiko	Ahobirimwa
NDINAMAGARA	Birera	Birera	Bugereranye	Kiriburungushuye	Ari Hejuru	120-130	6 (courte)	15-20	Kirihangana	kirarinda	5 - 7	Mumisozi
RUKUZI	Biraturukura	Umuhondo	Bugereranye	Kiriburungushuye	acokeye	120-130	12-16(long.)	30	Kirihangana	Kirihangana	4	Mumisozi
RUHANYURA	Birera	Birera	Bininiya	Kiriburungushuye	acokeye	80-90	12-16(long.)	30-35	Kirihangana	Kirihangana	5 - 7	Mumisozi
MAGOME	Birera	Umuhondo	Bininiya	Kiriburungushuye	acokeye	90-100	6 (courte)	20-30	kirarinda	kirakarirwa	5 - 7	Mumisozi
MABONDO	Birera	Umuhondo	Bininiya	Kiriburungushuye	acokeye	120-130	10-12 (Long)	25-30	Kirihangana	kirakarirwa	5 - 7	Mumisozi
OUGANDA 11	Biraturukura	Umuhondo	Bininiya	Kiriburungushuye	Ari Hejuru	100-120	12-16(long)	25-30	kirarinda	kirakarirwa	6	Mumisozi
VICTORIA	Biraturukura	Umuhondo	Bininiya	Kiriburungushuye	acokeye	90-100	8 (moy)	20-25	kirakarirwa	kirakarirwa	6	Mumisozi
INGABIRE	Birera	Birera	Bininiya	Kirasongoye	acokeye	90-100	8-12 (long)	25-30	kirakarirwa	kirakarirwa	5	Mumisozi
BUGINGO	Birera	Birera	Bugereranye	nk'igi	Ari Hejuru	75	10 (long.)	16	Kirihangana	Kirihangana	4	Mukiyaya
BURYOHE	Birera	Umuhondo	Bugereranye	nk'igi	Ari Hejuru	75	10 (long.)	16	Kirihangana	Kirihangana	4	Mukiyaya
HEMBURABASHONJE	Birera	Umuhondo	Bugereranye	Kiriburungushuye	Ari Hejuru	75	12 (long.)	18	Kirihangana	Kirihangana	4	Mukiyaya
RUTAMBIRO	Birera	Birera	Bininiya	Kiriburungushuye	acokeye	90 - 100	12 (long.)	55,8 (t/ha)	kirarinda	Kirihangana	5 - 7	Mumisozi
SHANGI	Biraturukura	Umuhondo	Bugereranye	nk'igi	Ari Hejuru	90	6 (courte)	21,8 (t/ha)	kirakarirwa	Kirihangana	4 - 5	Mumisozi
KIRUNDO	Birera	Birera	Bugereranye	Kiriburungushuye	Ari Hejuru	100 -120	8 (moy)	40,3 (t/ha)	kirarinda	kirarinda	4 - 5	Mumisozi
Gitiba	Birera	Birera	Bininiya	Kiriburungushuye	Acokeye	90	8 à 10	21-25	kirarinda	kirarinda	5	Mumisozi
Kanovera	Biraturukura	Umuhondo	Bugereranye	Nk'igi	Acokeye	90-100	10 à 12	20-25	kirarinda	kirarinda	5	Mumisozi
Rwizumwimbu	Birera	Birera	Bininiya	Kirasongoye	Ari hejuru	120	8 à 10	25-30	Kirihangana	Kirihangana	6	Mumisozi
Ndimubandi	Birera	Birera	Bininiya	Kirasongoye	Acokeye	90	16	25-30	kirarinda	kirarinda	6	Mumisozi

❑ Gucagura umurima

Ibiraya bikunda isi imera, yoroshe, itajaga kandi ifise ubukarihe buri hagati ya pH 5.5 na 6. Hakoreshwa tone 1 gushika kuri 2 mugukosora umururazi w'isi (pH irimunsu ya 5.5). Isi yo kurima ibiraya iba idaherutsemwo ibiraya canke ibindi bitegwa biri mu muryango umwe n'ibiraya gushika imyaka 2 canke imyaka 4 kubarwizambuto. Gukuranya imirima y'ibirayi n'ibitegwa vy'intete, ivyatsi n'ibindi kugira ugwaye indwara z'ibiraya.

❑ Gutegura umurima:

Bitangura hasigaye amayinga 2 canke 3 imbere yo gutera. Iyo ishwaraga ikenewe uyishiramwo ukwezi imbere. Mu kurima urashikana isuka hasi gushika cm 40 kugira, imizi yorohegwe kandi n'akayaga kinjire mu mizi.

❑ Gufumbira

Hakoreshwa umwawu w'ikizungu n'uwikirundi. Uw'ikirundi bakoresha urushi rumwe rw'umuntu akuze mukinogo. Uw'ikizungu, hakoreshwa angeri zibiri, kg 400 IMBURA na kg 200 BAGARA kwi hegitari, mu binogo baciye ku mirongo. Niku rugero rwaturumyo 2

twafanta mukinogo 1 vya IMBURA mugihe cogutera, agakopo ka sauce tomate mubinogo 14 ka BAGARA hirya nohinu yikiraya mukumenera bimeze inyuma y'amayinga 3 canke 4.

❑ Gutera

Igihe ciza co gutera ni kuva itariki 15 z'ukwezi kw'icenda gushika 15 z'ukwicumi, be no kuva 15 z'ukwakabiri gushika 15 z'ukwa gatatu. Umurimyari atera ku mirongo itandukanye ku rugero gwa cm 80, ikiraya n'ikindi mu mirongo bigatandukana cm 30 n'ukuvuga hafi itoni 2 z'imbuto kwi hegitari.

❑ Gukorera umurima.

Bamenera haheze indwi 4 bateye, kubagara, urohereza umurima, ukajemagura, ukarandura ivyatsi. Kenshi na kenshi bafurira ka 2, irya 1 ukwezi n'igice inyuma yo gutera, iryaka 2 riba haheze indwi 2 bafuriye irya 1. Mu gufumbira uruzuzwa ivu ku mirongo nk'uwuca imigende y'amazi. Ivu riba ryinshi rigashigikira ibiraya kandi rikarinda inkukura hagati y'ibiraya mu mirongo. Mumurima urwirizwamwo imbuto, umurimyari yokuramwo ibiraya bidasangiyeho ubwoko bw'ivyatewe agukuramwo ibirwaye.

❑ Gucinciza :

Gucinciza n'ukurandura ibironge vy'ibiraya igihe vyeze kugira uruhu rukomere. Iyo bituma uruhu rw'ibiraya rukomera, bidakomereka uriko urasoroma, indwara nazo zikabura aho zinjirira.





❑ Kwimbura no kubika :

Kwimbura biba haheze amayinga 2 canke 3 bacincije. Mu kwimbura umurimyari yirinda kwanduza umwimbu wiwe mu gukoresha ibikoreho bitanduye, kwimbura hasa neza, humutse ata mvura iriho. Umurimyari ararobanura ibiraya binini bikajya gufungurwa, ibigereranye bikajyanwa mu bubiko bw'imbuto. Mu kubika urasasa ibiraya ku bubiko ukaraba ko akayaga gashikira ibiraya vyose, hangar nayo ikaba irekura umuco n'akayaga.



Imbuto ibitswe neza na kubirinda

☐ **Indwara z'ibiraya**

Indwara n'udukoko	Amashusho	Ibimenyetso	Ingene bazirwanya
RUYOKA (Miridiyu)		Ibimenyetso vy'iyi ndwara tubisanga : - Ku mababi : ibiterwa vyafashwe n'iyi ndwara bimera nk'ivyababutse amababi, bihereye ku mutwe w'ibabi canke ku mpande. - Ku mutumba : umutumba wafashwe n'iyi ndwara uruma ukirabura. - Ku kiraya : iyo ndwara uyibona neza ugisatuyemwo kabiri. Usanga caboze gihereye inyuma uja imbere.	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Gutera imbuto zirobanuye kandi zitarwaye ✓ Gutera ubwoko bw'ibiraya burinda indwara ✓ Kudatera ibiraya mu murima umwe wikwirikiranya canke ahavuye ibindi biterwa bisangiye ubwoko ;Gutandukanya amab ✓ ango mu gutera ; Gupompa imiti igwanya iyo ndwara ✓ Mu kuyigwanya kandi barapompa umuti witwa Dithane (grame 5 mwi litilo ry'amazi) amayinga 3 canke 4 inyuma yugutera, bagasubira Ridomil (grame 6 mwi litilo ry'amazi umaze kubona ibimenyetso, hanyuma ugahereza kuri dithane,
RUSHIBUKA		Iyo ndwara iribonekeza : - Mu murima : umutumba n'amababi vyafashwe n'iyi ndwara birakayuka ningoga na ningoga ukamengo birabitswe n'uruzuba. - Ku biraya bisoromwe vuba: bizana amshira ku maso.	Indwara yo gushibuka nta muti ifise. Uburyo bwiza bwo kuyirwanya ni: <ul style="list-style-type: none"> - Gukoresha imbuto itarwaye; Gutera mw'isi itagiramwo imigera - Kurandura ibirwaye n'ivu ryavyo ukabihamba kure y'indimiro - kurandura ibiraya vyimeza mu murima urimwo ibindi biterwa - Gukura ibiraya vyose birwaye mu murima igihe c'isoroma - Kudakomeretsa ibiterwa mu kubagara canke mu gufurira - Kugirira isuku ibikoreshe ; Gutera ubwoko busa n'uburinda indwara.
IMPFUNYA		Ibimenyetso bikurubikuru vy'indwara z'ubupfunya ku biraya n'ibi : - Ikiraya kirwaye kiba impfunya ; - Amababi arabenjuka ntabe agisa n'urwatsi rutoto ; - Amababi aranyankabirana, akizinga nku mutoto w'igitoke, akitunatuna canke agakomarara ; - Indwara y'ubupfunya iratera amabara	Imigera itera indwara z'ubupfunya nta muti wayo ubaho. Uburyo bwo kuyirwanya bushoboka buhagaze k'unyifato umirimyi ategerezwa gukwirikiza: <ul style="list-style-type: none"> - Gutera imbuto zitarimwo imigera; Gutera ubwoko bw'ibiraya birinda iyo ndwara; Kurandura ibiraya birwaye - Gupompa imiti yica udukoko dutera iyo migera (Décis 25 g/l EC).
UDUKOKO dufata ibiraya biri mububiko		Ibinyugungugu bita amagi kubiraya hakavamwo ibinyo bigaca vyinjira imbere mukiraya bigatuma bibora	Gupompa imiti yica utwo dukoko (Décis 25 g/l EC).

